



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 10 desanm 2013

### **GOUVÈNÈ CUOMO AKSEPTE RAPÒ FINAL KOMISYON SOULAJMAN NAN TAKS ETA NEW YORK**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te aksepte rapò final Komisyon Soulajman nan Taks nan men ko-prezidan li yo, ansyen Gouvènè George Pataki ak Prezidan Konsèy Administrasyon State University of New York ak ansyen Kontwolè Finansye Eta a, H. Carl McCall. Komisyon an yo adopte sou twazan entegrite fiskal ak preparasyon bidjè responsab, Gouvènè Cuomo te mande li pou idantifye fason pou redui taks sou pwopriyete ak biznis Eta a pou bay soulajman pou pwopriyete kay ak biznis New York.

Rekòmandasyon Komisyon an konsantre sou fason pou bay soulajman nan taks sou pwopriyete pou pwopriyete kay ak biznis New York epitou sou fason pou amelyore konpetisyon ekonomik Eta a. Anplis bay soulajman nan taks, Komisyon an rekòmande pou bay prim ankourajman pou gouvènman lokal yo pou redui depans fonksyonman yo. Lòt rekòmandasyon yo gen ladan bès tarif fiskal sosyete yo nan pi ba nivo li nan 46 ane; rediksyon tarif fiskal pou manifakti yo pati Nò Eta a nan nivo pi ba li pa t janm rive; epi modènizasyon Taks sou Pwopriyete pou mete New York annamoni avèk lòt eta yo. Rapò sa a te pibliye sou twazan onètete fiskal ak preparasyon bidjè responsab ki mete eta a nan yon pozisyon pou egzamine nouvo fason pou bay soulajman nan taks pou Nouyòk yo. Ou kapab jwenn rapò final nan sitwèb sa a: [http://www.governor.ny.gov/assets/documents/commission\\_report.pdf](http://www.governor.ny.gov/assets/documents/commission_report.pdf).

Gouvènè Cuomo di konsa, "Pandan twò lontan, taks kay te yon gwo fado sou pwopriyete kay ak biznis New York, sa ki te afekte kwasans djòb epi bese revni moun ak fanmi yo nan eta a. Pandan nou te fè gwo pwogrè nan dènye twazan yo nan bese taks yo pou tout Nouyòk yo, Komisyon sa a te fè yon diplis de milya dola ki te fasilite preparasyon bidjè responsab ak refòm fiskal pou pwopoze lòt rediksyon pou kontribiyab New York yo. Mwen espere travay ansanm avèk Lejislati a pou revize rekòmandasyon sa yo epi pou kontinye efò nou pou ranvèse repitasyon eta a kòm yon kapital fiskal epi pou fè New York vin yon eta ki pi fasil pou fanmi yo ak biznis yo."

Rekòmandasyon Komisyon an pou soulajman nan taks pran devlope sou twazan preparasyon bidjè responsab, tankou kenbe depans leta a 2%, mete yon pwen final nan sa k ap ogmante depans yo otomatikman nan Medicaid ak nan depans pou edikasyon, refòm pansyon k ap ekonomize anpil dizèn milya dola pou kontribiyab yo ak yon mendèv eta a ki diminye.

Haitian Creole

Gouvènè Pataki di konsa, “Gouvènè Cuomo te mande nou pou konsantre sou taks sou byen imobilye epi nou te fè sa, pou bay yon bon pwogram k ap bay soulajman nan taks pou kontribiyab klas mwayen yo epi sitou pou moun ki gen revni fiks yo. Komisyon an rekòmande tou anpil refòm ki nesèsè nan taks sou byen imobilye, biznis ak enèji epi pou asire eliminasyon tarif siperyè PIT ofi-amezi selon planifikasyon. Komisyon an te travay nan lè siplemantè pou bay rekòmandasyon yon jodi a epi mwen fyè pou pake nou rasanble a.”

Prezidan H. Carl McCall di konsa, “Rapò sa a montre yon fwa ankò sa ki posib lè yo mete sou kote diferans de pati pou byen pèp la. Manm komite a te aksepte responsablite Gouvènè a ak apwòch kolaborasyon li pou vini avèk bon rekòmandasyon ki fè posib sou twazan bon preparasyon bidjè fiskal ki te bay yon diplis de milya dola. Ansyen Albany te ka depanse lajan sa a, men anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, n ap retounen li kote li dwe ye – nan pòch kontribiyab yo.”

Rekòmandasyon enpòtan Komisyon an kreye yo baze sou rezilta ki endike taks sou pwopriyete rete pi gwo fado moun yo, fanmi yo ak biznis yo genyen nan Eta New York, ak yon anpèchman enpòtan nan kwasans ekonomik. Nouyòkè yo kontinye gen kèk nan bòdwo taks sou kay ki pi gwo nan nasyon an, kit li mezire an fonksyon absoli oswa kòm yon pousantaj valè kay yo. Komisyon an rekòmande itilizasyon \$1 milya dola sou revni \$2 milya dola pou redui fado taks sou pwopriyete sou pwopriyete kay yo, epi pou bay prim ankourajman pou rediksyon depans nan nivo lokal.

Komisyon an rekòmande kreyasyon yon pwogram pou pa ogmante taks sou pwopriyete yo pandan dezan. Nan premye ane yo pa kite taks yo ogmante, tout pwopriyete kay ki kalifye nan jiridiksyon fiskal yo ki adopte bidjè lokal ki rete nan limit taks sou pwopriyete a ta resevwa yon kredi Leta ki egal a kwasans nan taks sou pwopriyete. Nan 2yèm Ane a, pòz nan ogmantasyon an ap kontinye pou pwopriyete kay k ap viv nan jiridiksyon ki rete nan limit taks sou pwopriyete epi ki pran mezi pou redui depans, tankou sèvis pataj avèk lòt jiridiksyon oswa gwoupman.

Answit, pandan pwogram ki limite epi ki pa ogmante taks sou byen imobilye kapab anpeche fado taks sou byen imobilye ogmante, gen yon nesèsite pou bay soulajman pou kontribiyab ki deja anba twòp fado nan nivo taksasyon sou pwopriyete yo. Komisyon an rekòmande pou Leta devlope yon pwogram ki ta sible soulajman taks sou pwopriyete ki baze sou mwayen yon pwopriyete kay endividyèl pou peye.

### **Bès Tarif Fiskal pou Biznis yo pou Fè New York vin Kompetitif**

Pou ankouraje konpetitivite ekonomik, envestisman ak kwasans, Komisyon an rekòmande pi piti tarif pou biznis yo ak yon asyèt fiskal senplifye. Sa gen ladan refòm ak senplifikasyon taks sou revni sosyete prensipal Eta a ki asosye avèk yon rediksyon nan tarif fiskal sosyete yo 6,5 pousan, pi piti tarif fiskal sosyete yo depi ane 1968. Tarif pou manifakti pati nò eta a ta redui pidevan, a 2,5 pousan, pi piti tarif ki te janm genyen. Answit, tout manifakti yo ap jwenn avantaj nan yon rekòmandasyon Komisyon an bay pou redui taks sou pwopriyete sou manifakti yo a 20 pousan nan yon pwogram kredi Leta.

Answit, pou ankouraje agrandisman biznis yo, Komisyon an rekòmande pou evalyasyon sèvis piblik pou yon ti tan (18-a), ki pwograme pou yo elimine nan ane 2018, pral elimine nan ane 2014 pou kliyan endistriyèl yo epi tout kliyan yo ap wè yon diminyasyon rapid frè anplis yo ofi-amezi. Ansanm, pwopozisyon sa yo pral elimine rès baryè yo nan envestisman ak kwasans nan djòb ki egziste nan rejim taks ki la kounye a.

### **Refòm nan Taks sou Byen Imobilye**

Komisyon an rekonèt nesosite pou fè chanjman nan taks sou byen imobilye. New York rete youn nan sèlman 17 eta ki gen swa yon taks sou byen imobilye oswa yon taks eritaj, epi se sèlman de eta ki gen yon egzanpsyon pi ba nan moman an. Paske tandans taks sou pwopriyete pa kenbe ritm yo avèk ogmantasyon nan valè kay, pi plis Nouyòkè klas mwayèn nan jwenn tèt yo depannde taks la. Poutèt sa a, Komisyon an rekòmande yon gwo refòm nan taks sou byen imobilye, pou ogmante tandans Leta a \$5,25 milyon dola, ki asosye avèk enflasyon an, epi pou bese tarif fiskal la.

Finalman, Komisyon an apwouve pifò pwopozisyon Komisyon an sou Refòm Fiskal ak Ekite pou senplifye estrikti sistèm fiskal New York lè yo elimine taks nuizans lan.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418